

D+S

M

Éritié jadin rézin-an

Mt 21,33-43

27^e d. o. A

Musique: 26-08-1994
 Harmonisation : 11-10-2008
 Marie Mère de l'Eglise

Paroles: 04-10-2008
 S. François d'Assise
 07-10-2008
 Notre Dame du Rosaire

R. Voyé jé-ou, Granmèt nou, sou jadin rézin-ou nan, Vizité-l, protéjé li, li ou té planté.

Ps 80,4.8.15-16.19-20

Nou pap viré do nou, pou-n pati byin louin ou, Fè-n tounin, kléré fas ou, pou-n kapab sové.

1. Yon pè-d-fanmiy té planté yon jadin rézin
 Li entouré-l avèk klotu toutalantou,
 Li foyé anndan li, pou-l kap fè yon présoua,
 Li bati yon kay ki byin ro, ki tou ron,
 Li rinnèt li nan min travayè rézin yo ;
 Kanta li minm minm li pati nan vouayaj. Mt 21,32
2. Nan tan rékòlt li voyé sèvitè li yo Mt 21,34-36
 Kot travayè rézin yo, pou yo jouinn frui yo;
 Yo pran sèvitè-l yo, youn yo bat, youn yo tué,
 Yon lòt minm yo kalonnin-l avèk kout ròch.
 Li voyé dòt ankò plis pasé premié yo ;
 Yo minm tou yo trété yo tankou lòt yo.
3. Alafin minm li voyé pròp pitit li-a, Mt 21,37-39
 Antan-l di : « Y-a respékté pròp pitit mouin-an ».
 Travayè rézin yo, lè yo ouè pitit la,
 Yo di antré yo : « Sa-a sé éritié-a,
 Ann alé touyé li, n-a gin éritaj la »
 Yo pran-l, yo jété-l déyò é yo touyé-l.
4. Lè mètt jadin rézin-an ap rivé atò, Mt 21,40-41
 Ki sa l-apral fè travayè rézin sa yo ?
 L-ap touyé méchan yo dapré méchansté-a,
 L-ap rinnèt jadin-an bay dòt travayè ;
 Yo minm y-ap rinnèt li frui yo li donnin-an
 Lè tan rékòlt-la li minm l-apé rivé !
5. Ròch la bòs mason yo minm té méprizé-a, Mt 21,42-43
 Sé li ki vi-n tounin tèt kouin konstriksion-an. Ps 118,22-23
 Kot Granmèt la sa fèt, sé mèvèy nan jé nou.
 Sé poua y-ap pran péyi kot Bondié roua-a,
 Y-ap rinnèt li nan min nasion k-ap fè-l donnin :
 Pitit Bondié-a k-éritié tout bagay. He 1,2
6. Jadin rézin Granmèt la sé kay Israël, Is 5,1-7
 Li t-ap tann li bay bon rézin min sé mové.
 Sa pou-l té fè pou li épi li pa-t fè li ?
 L-ap ouété klotu-l pou bèt yo dévoré-l,
 L-ap krazé miray li pou moun yo foulé li,
 L-ap tounin savann pikan, tè sèk, san dlo.
7. « Mouin sé jadin rézin-an, sa-k véritab la, Jn 15,1-3
 Papa-m minm sé mètt jadin rézin-an li yé.
 Tout branch ki pa donnin, l-ap ouété-l sot nan mouin.
 Sa-k donnin, l-ap nètouyé-l pou-l bay pi plis.
 Min kanta nou minm minm nou déjà nètouyé
 Gras a paròl la mouin té anonsé-n nan.

8. Sé pou-n rété nan mouin minm, tankou mouin nan nou. Jn 15,4-5
 Branch la pa kab donnin si-l pa rét sou pié-a.
 Mouin sé pié rézin-an, nou minm nou sé branch yo,
 Sa-k rété nan mouin épi mouin minm nan li,
 Sé li minm k-ap donnin frui an kantité-a,
 Sèké san mouin minm nou pa kab fè anyin.
9. Si yon moun pa rét nan mouin, y-ap jété-l déyò, Jn 15,5-8
 Kon branch la, l-ap sèché épi y-ap ranmasé-l,
 Y-ap jété-l nan difé épi l-ap boulé nèt.
 Si nou rét nan mouin, paròl mouin rét nan nou,
 Ninpòt ki sa nou vlé, nou té mèt mandé li,
 Épi l-ap réalizé tout bon pou nou.
10. Sé nan sa Papa-m jouinn gloua, pou-n bay anpil frui, Jn 15,9-10
 Épi pou-n vi-n tounin disip mouin tout bon vré.
 Jan Papa-m rinmin-m nan, konsa mouin rinmin nou,
 Sé pou nou rété nan rinmin m-ginyin-an.
 Si-n kinbé lòd mouin yo, rété nan rinmin-m nan
 Jan-m kinbé lòd Papa-m é m-rét nan rinmin-l ».
11. Li pa rélé-n sèvitè, sé zanmi-l rélé-n. Jn 15,15
 N-ap chanté chan zanmi-n pou jadin rézin-l nan. Is 5,1
 Alians la té kasé ; li minm li réfè li, Ct 1,6 ; 8,12 ; 2,16 ; 6,3 ; 7,11 ; Jn
 Li signin-l ak san-l ki koulé sou lakoua. 10,14 ; 6,56 ; 15,5 ; Os 2,4 ; Dt 26,17-
 Frui jadin rézin-an, li pap bouè li ankò, 18
 Joustàn-l bouè-l avè-n, nouvo, lakay Papa-l. Mt 26,28 ; Jn 2,4
 Mt 26,29
 Mt 8,11 ; 22,1-14